

Gid Referans Dòz Rapèl Vaksen COVID-19 pou Tout Laj



Oumenm oswa pitit ou a te pran vaksen ak yon seri prensipal vaksen COVID-19 pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont maladi grav, entènè lopital, e menm lanmò akòz COVID-19. Etid yo montre ke byenke vaksen COVID-19 yo rete efikas, yo bay yon pwoteksyon k ap diminye avèk le tan.

Kounye a, pran yon rapèl rete fason ki pi efikas pou kontinye pwoteksyon sa a.

Tcheke tablo ki anba a pou wè si oumenm oswa pitit ou a kalifye pou youn oswa plizyè dòz rapèl yon vaksen COVID-19.*

	Kiyès ki elijib?	Kilè mwen ta sipoze resevwa dòz rapèl mwen an?	Èske mwen ka pran yon dezyèm rapèl?	Kilès nan rapèl yo
<p><i>Si ou te resevwa...</i> Pfizer</p>	Tout moun 5+ ta dwe jwenn dòz rapèl yo pou yo ajou.	Omwen 5 mwa apre w fin pran premye seri vaksen Pfizer yo.	Tout moun ki gen laj 50+ an ta dwe resevwa yon 2yèm rapèl omwen 4 mwa apre yo fin resevwa 1ye rapèl la.	<p>Adilt 18+ kapab jwenn yon dòz rapèl nenpòt vaksen mRNA COVID-19.</p> <p>Timoun 5-17 ta dwe pran yon rapèl Pfizer.</p>
<p><i>Si ou te resevwa...</i> Moderna</p>	Adilt 18+ ta dwe pran dòz rapèl yo pou yo ajou.	Omwen 5 mwa apre w fin pran premye seri vaksen Moderna yo.	Tout moun ki gen laj 50+ an ta dwe resevwa yon 2yèm rapèl omwen 4 mwa apre yo fin resevwa 1ye rapèl la.	Yon dòz rapèl nenpòt vaksen mRNA COVID-19.
<p><i>Si ou te resevwa...</i> Johnson & Johnson</p>	Adilt 18+ ta dwe pran dòz rapèl yo pou yo ajou.	Omwen 2 mwa apre w fin pran premye seri vaksen J&J yo.	Tout moun ki gen laj 50+ an ansanm ak moun ki te resevwa yon vaksen J&J pou dòz prensipal ak rapèl yo ta dwe resevwa yon 2yèm rapèl omwen 4 mwa apre yo fin resevwa 1ye rapèl la.	Yo prefere yon dòz rapèl nenpòt vaksen mRNA COVID-19 pasen J&J pou 1ye rapèl la. 2yèm dòz rapèl la ta dwe nenpòt vaksen mRNA COVID-19.
<p><i>Si ou te resevwa...</i> Novavax</p>	Si ou te resevwa Novavax pou seri prensipal ou yo, ou pa kalifye pou yon dòz rapèl nan okenn nan mak yo nan moman sa a.			

Si sistèm iminitè ou yon ti jan oswa seryezman fèb direktiv yo pral varye.

*Moun ki te fèk gen enfeksyon SARS-CoV-2 ka konsidere **retade premye oswa dezyèm dòz rapèl vaksen kont COVID-19 yo a 3 mwa apati aparisyon sentòm yo oswa tès pozitif lan (si enfeksyon an te san sentòm)**. [Etid yo te montre](#) (An Anglè) ke ogmantasyon tan ant enfeksyon ak vaksinasyon ka abouti a yon pi bon repons iminitè a vaksen an. Epitou, yo te obsève yon risk ki ba pou re-enfeksyon nan semèn oswa mwa nan mwa apre enfeksyon an. Faktè endividyèl tankou risk pou COVID-19 [maladi grav](#) (An Anglè), [nivo kominotè COVID-19](#) (An Anglè), oswa karakteristik souch prensipal SARS-CoV-2 a ta dwe pran an konsiderasyon lè w ap detèmine si w ta dwe retade pran yon rapèl.

Kesyon Moun Poze Souvan Sou Dòz Rapèl Vaksen COVID-19 yo

Poukisa dòz rapèl yo enpòtan?

Dòz rapèl yo pral ede founi pwoteksyon kontinyèl kont maladi grav. Avan, yo te rekòmande dòz rapèl yo sèlman pou popilasyon ki gen gwo risk pou tonbe malad byen grav anba COVID-19 yo, men yo te pwolonje rekòmandasyon an pou enkli tout moun ki gen 5 lane ak plis yo ki te resevwa yon seri prensipal Pfizer pou ede ogmante pwoteksyon kont maladi COVID-19 la. Sèten popilasyon, tankou moun ki gen sistèm iminitè yo ki yon ti jan oswa gravman afebli, ka bezwen dòz adisyonèl pou ogmante iminite. Sa sitou enpòtan ak ogmantasyon varyan ki pi kontajye yo ak ka COVID-19 yo k ap ogmante toupatou nan peyi Etazini.

Si nou bezwen dòz rapèl, èske sa vle di vaksen an pa bon?

Non. Vaksen COVID-19 aktyèl nou genyen Ozetazini yo travay byen pou anpeche fòm grav maladi an, entèn lopital, ak lanmò, menm kont varyan delta. Sepandan, ekspè sante piblik yo wè yon rediksyon nan pwoteksyon an kont fòm lejè ak modere COVID-19 lan, espesyalman kay popilasyon ki a risk yo.

Kisa mwen sipoze pote avèk mwen nan yon randevou pou pran doz rapèl?

Tanpri vini ak kat vaksinasyon w lan (An Anglè) nan randevou dòz rapèl ou an pou pwofesyonèl swen sante a kapab konfime dabò ke w te resevwa premye seri vaksen yo. Si ou pa gen kat ou a, pwofesyonèl swen sante a ka chèche dosye w.

Ki diferans ki genyen ant yon dòz vaksen adisyonèl ak yon dòz rapèl?

Yon dòz adisyonèl se pou pasyan ki gen sistèm iminitè ki fèb ki te konplete yon seri vaksen mRNA 2 dòz (Pfizer oswa Moderna) men ki pa gen yon repons iminitè ase fò.

Yon dòz rapèl se pou ranfòse oswa restore pwoteksyon ak/oswa iminite apre premye seri vaksen yo diminye avèk le tan.

Èske mak vaksen an enpòtan pou dòz rapèl la?

Pou dòz rapèl ou an ou kapab pran yon vaksen ki diferan de premye sa ou te pran nan premye seri ou an. Si w gen 18 an oswa epi w te resevwa Johnson & Johnson oswa yon vaksen mRNA de dòz pou seri prensipal ou yo ou pi gran Centers for Disease Control and Prevention (CDC, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) te pran desizyon sa opre yo te fin byen analize dènye done yo (Moderna, Johnson & Johnson, dòz rapèl melanj ki koresponn), apre gwo diskisyon deliberatif konsènan dòz rapèl yo. Kounye a, Novavax pa gen okenn rapèl ki rekòmande epi li pa ta dwe melanje oswa matche ak lòt vaksen COVID-19 yo. **Moun ki gen 17 lane ak sila ki gen pi piti laj yo ka pran vaksen Pfizer a sèlman pou dòz rapèl yo a si yo te resevwa Pfizer pou seri prensipal yo a.**

Ki lè yo konsidere yon moun konplètman vaksine?

Oumenm oswa pitit ou a **konplètman vaksine** de semèn apre w fin resevwa tout dòz rekòmande nan seri prensipal vaksen COVID-19 la.

Oumenm oswa pitit ou a **ajou** ak vaksen COVID-19 lè yo resevwa tout dòz nan seri prensipal la ak tout rapèl rekòmande (An Anglè), lè li kalifye.

Èske yo ka resevwa rapèl la ansanm ak lòt vaksen, tankou sa kont grip la?

Wi. Ou menm oswa pitit ou a kapab pran vaksen COVID-19 la an menm tan avèk lòt vaksen yo. Ou pa bezwen pwograme vaksen lekòl ki obligatwa (An Anglè) pitit ou a oswa lòt vaksen ki rekòmande separeman de vaksinasyon COVID-19 la. Yon randevou pou vaksen COVID-19 se yon lòt opòtinite pou mete pitit ou a ajou pou tout vaksen yo rekòmande yo.

Plis kesyon? Vizite:
doh.wa.gov/covidbooster